**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ JASLAR SIYASATÍ HÁM SPORT MINISTRLIGI BUYRÍǴÍ**

16«avgust»2023 jıl. **660-A/F-san** Nókis qalası

## Спорттың спорт гимнастикасы түри бойынша ер балалар ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын өткериў ҳаққында

Спорттың спорт гимнастикасы түри бойынша ер балалар ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын өткериў режесине тийкарланып **буйыраман:**

1. Спорттың спорт гимнастикасы түри бойынша ер балалар ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын өткериў режеси мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Спорттың спорт гимнастикасы түри бойынша ер балалар ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионаты 2023-жыл 17-20-август күнлери Республикалық гимнастика түрлери бойынша қәнигелестирилген спорт мектебинде өткерилсин.

3. Жарыс жеңимпазларын сыйлықлаў ушын дәрежели дипломларға сарыпланатуғын қәрежетлер Өзбекстан гимнастика федерациясы Қарақалпақстан Республикасы бөлими тәрепинен қапланатуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Жарысты өткериў бойынша бас төреши етип З.Хайрова, Б.Абуов төрешилер С.Абуов, У.Адилбеков, Б.Мусаева, Г.Худайбергенова ҳәм жарыс хаткери етип А.Самендеров ҳәм Н.Сайекеев тастыйықлансын.

5. Қарақалпақстан Республикасы Жаслар сиясаты ҳәм спорт министрлигиниң Олимпия ҳәм паралимпия спорт түрлерин раўажландырыў бөлими (А.Темирбаев) ҳәм Өзбекстан гимнастика федерациясы Қарақалпақстан Республикасы бөлими (У.Жуманиязов)не:

Жарысты шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў ҳәм тиккелей басшылық етиў;

Жарыс жуўмақланғаннан соң 3 күн мүддетте министрликке жарыс есабатларын тапсырыў;

Спорттың спорт гимнастикасы түри бойынша ер балалар ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын жоқары

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: UF33364557

шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў ушын жарыс болып өтетуғын орынды безеў, абаданластырыў жумысларын алып барыў;

жарыс ўақтында спортшылардың жарақат алыўының алдын алыў мақсетинде медицина хызметкерлери менен тәмийинлеў;

усы жарысты шөлкемлестириў ҳәм өткериўде, қатнасыўшылардың қәўипсизлигин ҳәм саламатлығын тәмийинлеў бойынша зәрүр ис-иләжларды әмелге асырыў ўазыйпасы жүклетилсин.

6. Нөкис қаласы ҳәм районлық спорт мектеплерине спортшыларды қатнастырыў ўазыйпасы жүкленсин.

7. Қарақалпақстан Республикасы Жаслар сиясаты ҳәм спорт министрлигиниң мәлимлеме таллаў ҳәм атқарыў тәртиби бөлими бас қәнигеси (А.Төрениязов)не министрликтиң тийисли бөлимлери ҳәм Нөкис қаласы ҳәм районлық спорт мектеплерине усы буйрық пенен таныстырыў ўазыйпасы жүклетилсин.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өз жуўапкершилигимде қалдыраман.

**Министр** **А.Алланазаров**